**Урокан ц1е: Айдамиров.А. « Вина мохк».**

**1алашонаш:**

**-** дешархошка Айдамиров Абузаран дахарх а, кхоллараллех а лаьцна дийцийтар. Яздархочун стихотворени йовзийтар,цунах кхетор, Даймахке,ненан матте безам кхиор, дозуш долу къамел а кхиор;

**-** урокан 1алашоне хьаьжжина ,дешархошна шайн долчу хаарех пайда а оьцуш,стихотворенин т1ехь болх бан хаар карадерзор,нохчийн ,оьрсийн метан з1е гойтуш текст техь болх бар;

**-** шайн белхан нийса мах хадо хаар,шайна хьалха нисъелла халонаш йовзар, уьш д1аяха хаар, иштта дешархой шай кхетамца ,шайн хьуьнаршца талламан, лехаман болх бан 1амор;

**-**монологан кепехь аларш вовшахтоха хаар,нийсархошца бертахь болх бан хаар;

**-**деша-1аморан 1алашонаш шайн дагахь а, йозанца а кхочушъян хаар,х1ума довзаран 1алашо тидаме а оьцуш.

**Гайтаран г1ирс:** яздархочун сурт,презентаци.

**Урок д1аяхьар**

I. **Урокана кечам бар.**

Маршалла хаттар, урокана оьшу г1ирс кечбар, класса чохь верг-воцург билгалвоккхуш, журнал т1ехь болх бар.

**2.Ойла т1еерзор**

Шуна ма хаьара тахана вай « Аргунский-музей заповедник» ц1е йолчу цхьана текст т1ехь болх беш бу массо урокехь.Х1инца вай бийр бу оцу текст т1ехь болх. Цу текст т1ехь гайтина вайна Даймехкан исбаьхьаллин сурт.Шен Дала кхоьллина 1аламан сурт гал ца даккха 1едало ларъеш ю и заповедникан меттиг. Хаза а, башха а бу вайн мохк. Цул хьоме а, цул деза а х1умма а дац вай. Цундела вайн декхар ду вешан мохк безар, бовзар.

3. **Ц1ахь бина болх таллар.**

**Айдамиров Абузаран дахарх а, кхоллараллехь лаьцна еша,талла аьллера т1едиллар дара шуна ц1ахь кхочуш дан делла.**

-Х1ун хиира шуна Айдамиров Абузарах лаьцна?

-Маца, мичахь вина иза?

-Д1а маца кхелхина иза?

Х1аъ, 2005-чу шеран май баттахь д1авахана вайна юкъара и бакъволу къонаха, поэт, яздархо, историк, публицист Айдамиров Абузар.Дала гечдойла цунна! Амма иза ваха висна хьаналчу нохчийн дегнашкахь. Цунна

доза доцуш дукхабезара вайн исбаьхьа Даймохк, нохчийн къам. Иза жима волуш ваьллера винчу махках…

-Х1унда къаьстина хилла иза Даймахках?
-Маца хилла иза?
-Маса шо хилла к1ентан цу хенахь?
-Муха дара цуьнан дахар Сибрех?
-Стенга сатуьйсура к1анта хийрачу махкахь?
-Язъян маца волавелла иза?
-Муьлха говзарш язйина цо?(Дешархоша ц1ераш йоху говзарийн)
-Х1ун гойту цо шен говзаршкахь?
(Къоман дахар: хилларш, лайнарш; нохчийн дика а, вон а амалш; Даймехкан хазалла, цуьнга болу безам.)

4. **Айдамиров Абузара язйина «Вина мохк» ц1е йолу стихотворении дешархошна йовзийтар. Слайд.**

Дуккха а поэташа, яздархоша шайн говзаршкахь,произведенешкахь къегина масалш далош гайтина Даймахке йолу шовкъ , цуьнца йолу уьйр-марзо.
Бераш, вайн къоман сийлахьчу яздархочунна Айдамиров Абузарана а хилла Даймохк 1аламат ч1ог1а дукхабезаш. Вай тахана 1амор ю цуьнан «Вина мохк» ц1е йолу байт.

5. **Хьехархочо васталлица байт д1аешар.**

6. **Дешархошка еша а йоьшуьйтуш, чулацам т1ехь болх бар:**

-Стенах лаьцна дуьйцу хьалхарчу байтехь?
-Муьлхачу дешнаша гойту поэта винчу махке сатийсина хилар?

(Карий хьо ас дагахь
Латтийнчу суьртахь,
Сих-сиха г1енаха
Суна м а-гарра.)

-Кхузахь вайна х1ун гучудолу?
(Поэтана Даймохк бицбелла цахилар,цунна иза сих-сиха г1енах дуьхьалтийсина хилар)
-Шолг1ачу байтехь х1ун боху винчу махках лаьцна?
(Ахь со т1еийцира, нанас бер санна, хьаьстина…)
-Кхоалг1чу байтехь- ша муха хьоьжу боху винчу махке?
-Х1унда ца 1еба иза мел хьежарх?
-Йоьалг1ачу байтехь гайтинарг х1ун ду?
(Даймехкан исбаьхьа 1алам)

-Муха хета 1алам?
(Дийна долуш санна)
-Стенца ду боху лирически турпалхочо шен ирс?
-Муха бу стихотворенин мотт?
-Стенца бусту лирически турпалхочо Даймохк?
(Ненаца)

**Дешархошка васталлица ешийтар.**

7. **Берашка Даймахках лаьцна кицанаш т1ехь болх байтар.**

Шина тобана т1едиллар ду кицанаш т1ехь болх бан.
Т1адамийн метта оьшу дешнаш язъеш кицанаш дуьззина д1аязъе.

Даймохк мазал …..
Нехан махкахь эла хуьлучул …..
Даймахках ваьлларг-т1емаш доцу…..
Нехан махкахь вехачул шен махкахь…..
Мерза бу,хьоза,валар тоьла, шен махкахь лай хилар тоьлу.

8. **Сада1аран минот**

**9. Текст т1ехь болх бар берашца.**

Айдамиров Абузара вайга массарга беш хьехам бу шен стихотвореница. Вайн х1оранна а т1ехь ду вайн Даймохк безар, мостаг1ех и ларбар , хазбар, тобеш и схьабалор. Х1ораммо а ч1аг1о ян еза , бехдийр дац хиш, локъуьйтар дац шовданаш, эрна х1аллакх дийр яц хьаннаш, хьоьшар яц цанаш аьлла. Шен даг чу дижийта деза ша кхузахь 1ен а, ваха а дезаш хилар, шел т1аьхьа бог1уболчарна иза безар, оьшур буйла.
Ларбе вай, кхиабе вай, хазбе вай вайн мохк!
Урок йолалуш ас ма аллара тахана массо урокехь цхьа текст ю вай лелош. Вай 1амочу коьчалца йог1уш ю х1ара текст,цуьна чулацам хьалхарчу урокашкахь шуна бевзина , шайна хетарг аш цигахь дийцина.Х1инца вай ненан маттахь дуьйцур ду-кх текстан чулацамах лаьцна.

Аргунский музей-заповедник находится в самой живописной и в то же время в самой высокогорной и труднодоступной части республики. Он создан на основе комплексов памятников истории и природы Чанты-Аргунского и Шаро-Аргунского ущелий, связанных между собой исторически, этнически, ландшафтно, представляющих собой особую

историческую, научную и архитектурную ценность в сочетании с окружающими их уникальными природными комплексами.

Это историко-географическое пространство, где хорошо сохранилось множество уникальных объектов культурного наследия чеченцев: пещерные гроты, стоянки, усыпальницы, грунтовые могильники, подземные и надземные родовые склепы, боевые и жилые башни и замковые комплексы. По заключению ученых, хронологический диапазон недвижимых памятников истории и культуры на территории музея-заповедника охватывает период от II тысячелетия до нашей эры до XIX века включительно. Здесь представлены практически все типы памятников разных эпох данного края.

На территории Аргунского музея-заповедника находятся около 600 памятников истории, культуры, археологии, архитектуры и природы, из них более 170 объектов относятся к памятникам федерального значения

## 10. Т1едахкарш:
## Бераш шина тобане доькъу.

**а)** Х1оранна хьалха текст юьллу, ца девза дешнаш билгал а дохуш берашка шайга гочдойту дошаман г1оьнца и дешнаш.

| | |
|---|---|
| **ущелье-** | **заповедник-** |
| **усыпальница-** | **пещера-** |
| **памятник-** | **башня-** |

**б)** Аргунский-музей заповедник шера арен т1ехь лаьтташ ю.
Ас аьлларг нийса хилар я ца хилар билгалдаккха.
**в)** Шаьш аьлларг нийса хилар т1еч1аг1деш масал даладе текст юкъара.
**г)** историн,культурин,археологин,архитектурин,1аламан 600 х1оллам бу.
**д)** ас аьлларг бакъ хилар т1еч1аг1деш мог1анаш караде текст юкъахь.

**11. Дешархошка кхоллараллин болх байтар.**
Х1ора тобане беа мог1анах лаьтташ стихотворени язъяйтар.
**Даймохк. 1алам.**
**12. Х1окху шина дашца сингвейн х1отта йойту берашка.**
Даймохк, природа

**13. Урокан жам1 дар.**

-Пайдениг х1ун 1емина вайна х1окху урокехь?

(Даймохк хьоме хилар, иза ларбан безар)

**Дешархоша урокехь дакъалацаран мах хадор.**

**14. Рефлекси**.

Урокехь суна дика хеттарг дара…

Со дика цакхеттарг…

Суна атта хеттарг…

15 **Ц1ахь кхочушдан дезарг.**

а). «Вина мохк» стихотворении дагахь 1амо.

б)« Х1ун ган лаьар дара сунна заповедникехь?» жима сочинении язъяр..